



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/15/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY EDIKASYON AK RANFÒSMAN 'PA GEN CHÈZ VID ' POU KENBE CHOFÈ ADOLESAN YO ANSEKIRITE SOU WOUT YO**

***Patnè Eta New York ansanm avèk Lapolis ak Lekòl Lokal yo pou souleve sansibilizasyon sou danje ki nan otowout la pandan sezon bal ak gradyasyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse kanpay ranfòsman ak edikasyon sekirite pou chofè adolesan “Pa gen Chèz Vid” pou souleve sansibilizasyon sou danje ki gen sou otowout la pandan sezon gradyasyon ak bal. Lapolis lokal ak Eta ap patisipe nan kanpay plizyè ajans pandan wikenn long lan ki pral fonksyone apati Lendi 18 Avril jiska Vandredi 22 Avril. Komite Sekirite Trafik Gouvènè a ankouraje tou administratè lekòl yo, patnè lokal sou sekirite trafik, ansanm avèk moun ki gen enterè nan kominote a pou souleve sansibilizasyon pou asire ke pa gen chèz vid nan bal ak gradyasyon pandan sezon sa a.

“Soulve sansibilizasyon sou sekirite trafik ka anpeche trajedi initil epi sove lavi,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Lè nou pwopaje mo a sou kanpay Chèz Vid la, nou ka sispann aksidan anvan yo rive, epi asire yon avni ki pi briyan pou tout etidyan New York yo.”

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te lanse kanpay sa ane sa avèk yon aktivite nan West Genesee High School nan Camillus nan dat 15 Avril, sa ki plis pase 100 elèv ak plizyè entèvenan, enkli yon manman ki te pèdi lavi pitit gason adolesan l nan yon aksidan.

Lapolis lokal ak Eta ap ogmante prezans yo nan vwazinaj high schools lokal yo pandan tout kanpay la e yo ankouraje ofisye yo pou yo vijilaj sou vyolasyon Lwa Graduated Driver Licensing (GDL), sa ki fèt pou bay tan pou jèn moun yo gen eksperyans enpòtan nan diferan senaryo trafik sikilasyon. Depatman Sante Eta New York te kreye gid pòch ki finanse pa GTSC pou ajans lapolis yo ansanm avèk lòt ajans yo osijè GDL nan [Upstate New York](#), [Vil New York](#), ak [Long Island](#).

Kanpay la ap sible enfraksyon spesifik pandan tout semèn lan, pandan egalman lap ranfòse tout lòt veyikil ansanm avèk lwa sou sikilasyon. Wap jwenn dat yo vize yo anba:

- Lendi 18 Avril 2016 – Vitès nan zòn lekòl
- Madi 19 Avril 2016 – Senti sekirite ak bouton restriksyon pou timoun piti
- Mèkredi 20 Avril 2016 – itilizasyon telefòn selilè ak tèks

- Jedi 21 avril 2016– [Operasyon Safe Stop](#)/ankouraje sekiritre nan otobis lekòl
- Vandredi 22 Avril 2016 – Minè kap bwè alkòl ak kondwit sou enfliyans

Yo ankouraje Ajans lapolis yo ki gen ofisye Resous nan Lekòl (SRO) oswa prezans nan lekòl segondè yo nan jidiridksyon yo pou ankouraje sansibilizasyon semèn sa ak pandan tout sezon bal ak gradyasyon an. Nan kad kanpay Pa gen Chèz Vid la [postè enfòmasyon](#) ap afiche nan zòn ki frekante anpil yo nan lekòl yo. Administratè lekòl yo ta dwe kontakte Todd Engwer nan GTSC pou mande postè a gratis lè yo voye yon imèl ba li nan [Todd.Engwer@dmv.ny.gov](mailto:Todd.Engwer@dmv.ny.gov).

**Komisyonè Egzekitif Adjwen Depatman Motè Veyikil (DMV) ak Prezidan pa Entèrim GTSC Chair Terri Egan te deklare,** “Preske chak ane, kominote yo nan Eta New York eksperimante lanmò trajik elèv high school yo nan aksidan sikilasyon. Nou vle elimine aksidan, espesyalman pandan sezon gradyasyon ak bal, epi asire ke chak adolesan nan plas yo nan jou gradyasyon an. Avèk kanpay ‘Pa gen Chèz Vid’ nap entansifye efò nou kidonk ofisye yo pap bezwen pote mesaj terib bay paran yo kap rete tann pou pitit adolesan yo retounen lakay yo. Mwen ankouraje adolesan yo pou evite trajedi inital sou wout yo epi fè sa vini yon bèl fen ane lekòl ki ansekirite ak sen.”

**Sipè-Entandan Lapolis Eta New York la, Joseph A. D’Amico te deklare,** “Objektif nou avèk inisyativ sa se pou kenbe adolesan yo ansekirite kidonk yo ka pwofite sa ki devan yo – bal, gradyasyon, epi pran nouvo etap nan lavi yo. Tanpri tache senti, ralanti, epi depoze telefòn selilè w pandan wap kondwi. Aksyon sa yo ap fè otowout yo vin pi ansekirite pou tout moun epi ede anpeche trajedi nan sezon bal sa.”

Kanpay 'Pa gen Chèz Vid' ane sa chita sou inisyativ siksè ane pase e li travay an konjonksyon avèk antrenè yo nan kanpay la, rezilta yon patenarya ant GTSC ak lekòl yo nan tout eta. Premye [anonse](#) pa Gouvènè Cuomo nan Oktòb 2015, swen antrenè ap ede edike adolesan yo sou kondwi ansekirite lè yo ankouraje antrenè yo pou diskite ouvètman sou pwoblèm nan avèk etidyan atlèt yo.

Daprè [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi](#), aksidan motè veyikil se koz prensipal lanmò lakay adolesan yo nan Etazini. Statistik ki soti nan Enstit pou Jesyon Sekirite Travay ak Rechèch te dekouvri fè ki annaprè yo nan New York:

- Ant 2012 ak 2014, 11 jiska 13 pousan nan mòtalite aksidan machin te rive nan [aksidan](#) ki enplike chofè ki gen laj 16 a 20 ane.
- Chofè yo ki gen laj 16 ak 17 ane ki enplike nan [aksidan](#) blesi mòtèl ak kòporèl nan Eta New York te pi siseptib pou kondwi avèk pasaje pase chofè yo nan tout lòt aksidan blesi kòporèl ak mòtèl (43 pousan kont 29 pousan nan 2014).
- Daprè [done](#) 2013 nan rapò lapolis sou aksidan mòtèl ak kòporèl nan tout eta, chofè ki gen laj 16 a 20 ane te pi siseptib pase tout lòt chofè yo pou gen anpil faktè ki kontribye, sa ki gen ladan mank eksperyans chofè, vitès danjere, swiv twò prè, neglije pou rete sou dwa pasaj, ak inatansyon/distraksyon chofè.

Edikatè, antrenè ak ofisye resous yo ka [klike la](#) pou w jwenn resous adisyonèl. Jèn chofè yo ka [klike la](#) pou resous DMV.

###

Enfòmasyon siplemantè disponib nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418